mus a                      to have done/been

mus na a ñow fii              he has come here

Generally used with negative verb to mean never

musu maa ñow fii              I have never come here

musu maa ko gis              I have never seen it

COMPARISONS

bile baax na

this one is good

bile genn a baax

this is the best

ban a) ci genn a réy ?

which is the largest ?

bu )

ban a) ci genn a gudda ?

which is the longest ?

bu )

ban a) ci genn a gatta ?

which is the shortest ?

bu )

ban a) ci genn a ñaaw ?

which is the ugliest ?

bu )

ci = of them, from them

maa la genn a muus

I am cleverer than you

yaa ma genna a muus

you are cleverer than me

ñile ñett i nit,  
kan moo ci gën a gore ?of these three people,  
who was the most honest ?

ne is used (a) as a verb to say  
(b) as equivalent to that  
(c) with emphatic words (See page 76.)

(a)	ma ne	I say (announcing that one is going to speak further)
	ma ne ko 'waaw'	I told him 'yes'
	nga ne lan ?	what did you say ?
	mu ne 'waaw'	he says 'yes'
	ñu ne	we say
	ngeen ne lan ?	what do you (pl.) say ?
	ñu ne....	they say.....

For the past tense we have:

ne naa....	I said		
ne na...	he said	ñu naan	they used to say....
etc.		(ne + aan)	

(b) xam nga ne.... ? do you know that....?  
degga nga ne...? did you hear that ....?  
gis nga ne...,.? did you see that.....  
defe naa ne nar na taw I think that it is about to rain

Pidgin English has the phrase 'tell him say'

# QUESTIONS

Questions can be indicated by intonation.

dem na	he went
dem na ?	did he go ?
gis nga ko ?	did you see him ?

Or by the use of an introductory word:

ndax is it that ?

ndax nga bëgga dem léēgi ?	is it that you want to go now ? do you want to go now ?
ndax dara jotu la ?	(I hope) something did not happen to you? to him
ne ko: ndax ndaw si fii la fanaan ?	he said/: Did the girl happen to spend the night here ?

xanaa is it that ? (The speaker, based on his own knowledge,  
hopes for agreement)

xanaa yow ak ku fii ñow-oon mbokku leen ?	are you, and the one who came here before, not related ?
--	---

mbaa = or often used with a negative verb.

mbaa feebarul ?	(I hope) he is not sick ? he isn't sick, is he ?
mbaa kenn feebarul ?	(I hope) no one is sick ?

The reply to such queries is alhamdulilaa Thanks be to God.

-an with the appropriate initial determinant is used in most questions

<u>lan</u>	what ?	<u>kan</u>	who ?	<u>fan</u>	where ?
<u>ban</u> , <u>wan</u>	etc ?	which			

ci ban dëkka ?	in what town ?
fas wan ?	which horse ?
gan guy ?	which baobab tree ?

The second person singular becomes loo, foo, etc.

loo bëgga ?	what do you want ?
foo-y dem ?	where are you going ?

ana ? where ? (when one is asking about people or things, and the (how) interest is in the person or thing, rather than the actual place)

ana mu ?	where is he ?
ana Jayna ?	where/how is Jayna ?
ana sa yaay ?	where/how is your mother ?
ana sa doom ?	where/how is your child ?
ana waa Banjul ?	where/how are the people of Banjul ?
ana dalla yi ?	where are the shoes ?
ana bale bi ?	where is the broom ?

(It can also be used with 'fu' etc. )

ana fu mu dem ?	where did he go ?
-----------------	-------------------

fan, fu ? where? (when the focus is on the place)

fan la dem ?	where is it he has gone ?
fan la marse bi nekka ?	where is the market located ?
fan nga jogé ?	where do you come from ?
fan nga dëkka ?	where do you live ?

a ana Fafa ?	where is Fafa ?
b dem na	he has gone out
a fan ?	where ?
b ci alla ba	to the bush

fu mu dem ?	where is it he went ?
fu mu nekka ?	where is he staying ?

The second person singular becomes foo

foo-y jem ?	where are you headed for ?
foo-y dem ?	where are you going ?
foo dem-oon ?	where did you go ?
foo bëgg a dem ?	where do you want to go ?
foo-y dem elleg ?	where are you going tomorrow ?

kan, ku ? who ?

kii kan la ?	who is this ?
jabar i kan ?	whose wife ?
doom i kan ?	whose child ?
ku ko def ?	who is it that did it ?
ku ko wax ?	who is it that said it ?



kañ ?

when ?

kañ nga dikka ?

when did you come ?

kañ nga jogé Banjul ?

when did you come from Banjul ?

kañ nga dem ?

when did you go ?

kañ nga ñow ?

when did you come ?

kañ la Faatu di ñow ?

when will Faatu be coming ?

kañ la-ñuy dem ?

when are they going ?

kañ nga-y dem ?

when are you going ?

(di -y incompleted action)

naka ?                      how ?                      (sometimes used in the sense of 'since')

naka waa kër gi ?	how are the people of the compound ?
naka waa Leeba ?	how are the people of Leeba ?
naka sa jabar ?	how is your wife ?
naka sa loxo bi ?	how is your hand ?
naka nga tuuda ?	how are you named ? what is your name ?
naka nga santa ?	how are you surnamed ? what is your surname
naka nga def ?	how are you doing ?
naka la mel ?	what is it like ?

ñaata ?                      how much ?                      how many ?

ñaata nga bëgga ?	how much do you want ?
ñaata la jar loolu ?	how much is that worth ?
piis bi nyaata ?	how much (is) the piece (of cloth) ?
ñaata doom nga am ?	how many children have you ?

.....nak ?                      what about ?                      how about ?

li nak ?	what about this ?
moom nak ?	what about him/her ?

lu tax ?                      why ?                      (lit.                      what has caused...)

lu tax nga def sa tool bi ci yoon wi ?	why did you make your farm on the path ?
lu tax loolu ?	what is the reason for that ? why that?
lu tax ngay dem ?	why are you going ?

moo tax                      that is why

lan , lu ?

what ?

nga ne lan ?

what did you say ?

lii lan la ?

what is this ?

lan la ?

what is it ?

lan nga-y def ?

what are you doing ?

yii lan lañu ?

what are these ?

lan la-y def ?

what is he doing ?

lan ngeen di def ?

what are you (pl.) doing ?

lu ma-y def ?

what am I doing ?

lu ma-y wax ?

what(sort of thing) shall I say ?

lu la jot ?

what has happened to you ?

lu ko dal ?

what has happened to him ?

lu mu doon ?

what is the matter ?

loo - second person singular.

loo bëgga ?

what do you want ?

loo wax ?

what is it you said ?

loo binda ?

what did you write ?

loo taxaw ?

what is it your standing (there for) ?

loo-y xool ?

what is it you are staring at ?

loo-y def ?

what is it you are doing ?

As a form of politeness kinship terms are often used in addressing people.

suma jigeen, naka nga tudda ?

my sister, what is your name ?

fu jëm, dom, guddi na de !

where are you heading for, child,  
night has fallen ?

jere jëf, suma ndey

thank you, my mother

salaam aleekum, pappa

Peace be unto you, papa,  
(child to old man).

CONDITIONAL, HYPOTHETICAL, AND TEMPORAL CLAUSES

When..... Bu..... ee (added to end of verb)

If..... Su..... ee

verb ending	a	plus	ee	becomes	aa
	o/u		ee		oo

su maa.....ee	if I .....
soo.....ee	if you.....
su.....ee	if he.....
su ñu.....ee	if we.....
su ngeen.....ee	if you (pl.)...
su ñu.....ee	if they.....

su tawee....	if it rains....
soo demee Banjul, doo fanaan foofu ?	if you go to Banjul, won't you spend the night there ?
soo demee marse bi, jendal ma banaana	if you go to the market, buy me a banana
soo añee be paré, di nga ñow ?	if you have finished lunch, will you come ?
soo gisee suma baay....	if you see my father .....
bu neexee Yalla, di naa fa dem	if it pleases God, I will go there

When Bi, ba, bu

ba indicates action over and done with  
bi when  
bu hypothetical, future

ba mu demee.....	when he had left.....
bi mu sang-oo.... (u plus ee - oo)	when he had bathed.....

ba meaning until does not take .....ee  
xaaral ba mu ñow wait until he comes

Nor is -ee added if there is a negative suffix.

su tawul.....	if it does not rain.....
---------------	--------------------------

bu maa wax-ul.....

if I don't speak.....

For incompleted action etc.

-y is added.

bi muy dem, xarit am agsi

when he was leaving, his friend arrived

buy liggéeyee....

if he is working.....

buy dul liggéey....

if he is not working...

di + ul results in dul

su ma ko dul jox ...

if he does not give it to me

su dul dem....

if he does not go....

lu dul = anything but, except for (used generally with a negative verb)

buggu ma dara, lu dul xaaalis

I don't want anything, except for money

RELATIVE CLAUSESki

ki tēdda fii, mooy suma baay  
 wax ma ki nga gis  
 Mbaari, ki doon samma bey yi,  
 dem na ci jinne ji

the one who is lying here, is my father  
 tell me who you saw  
 Mbaari, who had been herding the goats,  
 went to the Spirit.

li

li ma dal, di naa la ko wax  
 li may wax, moom ngay wax  
 li nga wax, dēgga na  
 wax ma li nga def  
 deggal li ma la wax

what happened to me, I will tell you  
 what I say, you are to say (repeat) it.  
 what you say is the truth  
 tell me what you did  
 listen to what I told you

fi

laajal ko fi mu ko tega  
 won ma fi nga dēkka  
 won ma fi nga ko fekka

ask him where he put it  
 show me where you live  
 show me where you found it

xamu ma )  
 xau ma )

fu mu dem

I don't know where he went

" "

ku ko def

" " " who did it

" "

kañ lay ñow

" " " when he will come

" "

ban waxande la

" " " which box it is

ku muñ, di na muñ

he who is patient, smiles (in the end)

xam naa li ma def

I know what I (shall) do

xaw ma lu ma def

I do not know what I (am to) do

walla

or

jafe na walla yomba na ?

is it dear or is it cheap ?

ñetta walla ñenent i weer

three or four months

daldi, dal di

as soon as = immediately

mu daldi wacca ci fas wi,  
nuyyu baay am..as soon as he got down from his horse  
(he) greeted his father..

mu daldi ubbi, mu dugga

as soon as he opened (the door), he  
went in

ñu daldi tayyi nak, teddi nañu

as soon as they were tired, however,  
they went and lay down

mu daldi eewu.....

as soon as he woke up.....

ñu fab ko, daldi ko def ci  
maafe githey took it, and immediately  
put it in the saucekon

then

woo ko, kon mu ñow

(they) called him, then he came

bu ñow-oon, kon ma wax la ko

if he had come, then I would have  
told you about it



WORDS INDICATING REASONS

<u>Ngir</u>	for the sake of	
di naa ko def, ngir sa baay		I will do it for the sake of your father
sarax, ngir Yalla		alms, for the sake of God
<u>Ndax</u>	because of	
ñow na ndax yow		he came because of you
<u>Koon</u>		then, if that is the case
koon du ma dem		then, I will not go
<u>Kon nak</u>		however, in that case
<u>Ndegem</u>		since, because
ndegem demu ma...		since I did not go...
<u>Ndem</u>		if it
ndem tawul, di naa ñow		if it does not rain, I will come
<u>Ndig</u>		for
ndig buur bi suma xarit la-woon..		for the king had been my friend...
<u>Paski</u>	from French <u>parce que</u>	= because

MISCELLANEOUS WORDSwaaye

but, however

waaye nak

however, unfortunately

waaye kenn demul

however no one went

wande

but

(See proverbs on pages 87-88. )

gannaaw (lit. back) after ; except for

gannaaw loolu

after that

gannaaw yow

except for you

ak

and, with

waxal ak moom

speak with him

fees na ak doj

it is full of stones

na

like

solal na goor

dress like a man

be tey (lit. until today) still, however

be tey, di naa ko jenda still, I will buy it

WORDS INDICATING PLACE

Ci = at, to, in, on, etc.

ci biir	inside
mu nge ci biir	he is inside
ci biir nēég bi	inside the house
ci biir marse Kau-ur	in Kau-ur market
ci biti	outside
ci boor i/u	near
mu ngi ci boor i lopitaan	it is near the hospital
ci diggante	between
ci digg i/u	in the middle of
ci ganaaw	behind, at the back of
dellul ganaaw, waay	get back, please
dem na ci ganaaw nēég bi	he went behind the house
ci kanam	in front of, facing
gis nga dekka bi nge jublu,	do you see the town you are facing,
ci sa kanam fii ?	in front of you here ?
ci kow	up
ci kow garab gi	up the tree
ci pegg u	at the edge of
ci pegg u yoon wi	at the side of the road
dem be ci pegg u lamba	he went to the edge of the wrestling (area)
ci ron	under, at the foot of
ci ron daxaar gi	at the foot of the tamarind tree
ci ron lal bi	under the bed
def ko ci ron lal bi	put it under the bed
ci ron poxotaan	under the armpit
ci suuf	on the ground, down
ci taat	at the base of
ci wet i/u	at the side of, beside

Many of the terms are parts of the body - biir belly ; kanam face, ganaaw back ; wet side; taat backside.

ci bunta bi	at the door
ci bunt'u jakka ji	at the door of the mosque

ci lal bi	on the bed
ci ron lal bi	under the bed

ci yoon wi	on the road
ci pegg u yoon wi	at the side of the road

ci kër am	in his compound
ci kër baay am	in his father's compound

ci réew mi	in the country
------------	----------------

ci dëkka bi	in the town , in the village
bul dem ci dëkka bi	don't go to the town

ci néég bi	in the house
mu ngi ci néég bi	he is in the house

-----

toogal ci siis bi	sit on the chair
munge ci biir mbooloo mi	he is in the middle of the crowd

ci is not used with place names

dem na Kau-ur	he went to Kau-ur
suma mag dem na Angalteer	my elder brother has gone to England

ci is also omitted in such phrases as

munge lopitaan	he is (at the) hospital
dem na skuul	he has gone (to) school
munge néég am	he is at home
dem néég	to go home
yobbu néég am	he) took..home

ci is used in such phrases as  
ci jamma

in peace

fii, file	here
faa, fale	there, over there
foofu	there (place previously mentioned)

kaay toog fii	come and sit here
nyaw ko fii	sew it here
toogal fii	sit here
ñu nga fa	they are there
def ko fale	put it over there
demal fale	go away !
yagga na foofu	he is a long time there
munge foofu	he is there

fu nekka                      everywhere                      - sometimes shortened to fu ne.

<u>be</u>	as far as, to	
dem na be angalteer		he has gone to England
ñu dem be Panchang		they went to Panchang

WORDS INDICATING TIME

Ndey dem na Banjul tey

tey du ma añ fi

tey ajjuma la

tey ci guddi

foy dem elleg ?

foo dem-oon dēmba ?

demba ci guddi

Ndey has gone to Banjul today

today I will not lunch here

today is Friday

tonight

where are you going tomorrow ?

where did you go yesterday ?

last night

daaw jek

daaw

ren

dēwēn

two years ago (the year before last)

last year

this year

next year

ci fajar laay ewwu

subba teel

teel

teel na torop

ba subba

subba di na dem Basse

ci ngoon

dēmba ci timis

ci guddi

ñu toog ba digg'i guddi

keroog

yoor-yoor

at dawn I wake up

early in the morning

to be soon

it is very early

until morning, until tomorrow morning

in the morning he will go to Basse

in the evening

yesterday evening (at twilight)

at night

they sat (stayed) until the middle of the night

that time, the other day

mid-morning

Arabic      French

Days of the week

altiné		Monday
talaata		Tuesday
allarba		Wednesday
alxames		Thursday
ajjuma		Friday
aseer	samdi	Saturday
dibéeër	dimaas	Sunday

Times of prayer

fajar	dawn prayer
tisbaar	early afternoon prayer
takkusaan	late afternoon prayer
timis	evening prayer
gee	late evening prayer

Periods of time

fan )	day
bés )	
weer	month
at	year
ayubés	week (lit. when the turn of the day
ay-yu bés	comes round)

bés bu nekka      every day

lan ngay def bés bu nekka ? what do you do every day ?

bala bés buy dellusi      lit. before the day had returned  
i.e. within a week

ñaata at nga am ?      how many years have you ?  
how old are you ?

léégi

now

léégi ma ñow	I am coming <u>now</u>
ma nge ñow léégi	I am coming now
léégi léégi la dem	just now he has gone

tuuti

a little

xaaral tuuti	wait a little
--------------	---------------

booba/boobu

at that moment

boobu be(n) tey	since that time until today
booba ak léégi yagga na	(between) that time and now, is a long time

saa

(Arabic) moment, instant

ci saa yile	at that moment
saa yu la neexee	whenever you like
saa yu mu demee gééj, nappa jën	every time he goes to sea, (he) catches fish

be, ba

until

ñu toog ba digg'u guddi	they stayed until the middle of the night
mu raxas lekket bi, be mu set	she rubbed the clabash until it was clean
mu duye, duye, duye, be paan bi fees	she drew water and drew water, until the pan was full
be paré , ba paré	until (it,they,he etc.) was finished

At the end of a clause implies that the event will be over when the next event follows.

soo ańee <u>be paré</u> , di nga ñow ?	when you have <u>finished</u> lunch, will you come ?
bu ma waxee <u>ba parée</u> , ñu dem	when I have finished speaking, they should go.

ba beneen yoon	until another time
----------------	--------------------



The phrases

bu ñu ko defe

lit. when they had done that

bu mu ko defe

when he had done that

are equivalent to after that, then

balaa

before

balaa ngay dem...

before you go.....

NUMERALS

1	benna, bena	11	fukk'ak benna	ak - and
2	ñaar	12	" " ñaar	
3	ñetta	13	" " ñetta	
4	ñenent	14	" " ñenent	
5	juroom	15	" " juroom	
6	juroom benna	16	" " juroom benna	
7	juroom ñaar	17	" " " ñaar	
8	juroom ñetta	18	" " " ñetta	
9	juroom ñenen(t	19	" " " ñenen	
10	fukka	20	ñaar i fukka	

	30	fan-wer (lit. days of the month)
or		ñett'i fukka
	40	ñenent i fukka
	50	juroom i fukka

etc.

100	tééméér
200	ñaar i tééméér
300	ñett i "
400	ñenent i "
500	juroom i "
600	juroom ben i tééméér
700	juroom ñaar i tééméér
800	juroom ñett i tééméér
900	juroom ñenent i tééméér
1000	junne / junni
201	ñaar i tééméér ak benna

As a number benna is invariable, the initial consonant does not change to genna, jenna etc.

benna bēs	one day
benna nēég	one house
benna kër	one compound (ker g-)
benna doom u goor gi	a son of the man (doom j-)
ay doom i goor gi	some of the man's sons
damay seeti suma benna xarit	I am going to look for one of my friends
benna benna	one by one
ñaar i ganaar	two fowls
ñaar i nag	two cows
ñaar i yoon	two times, twice
ñaar i fan	two days
ñaar i nag yu réy	two big cows
ñaar ñii	these two
ñaar nile	these two here (people)
ñaar yile	these two here (things)
ñaar la ñu	they are two
ñaar i reen i ñambi yi	the two roots of cassava
Pël bi am na ñett i nag	the Fula has three cows
bukki yappa ñett i nag	hyena devoured three cows
juroom been i nit	six persons
fan-weer i fan	thirty days
fukki faro ak ñaar	twelve rice fields
fukki fas ak juroom benna	sixteen horses (ten horses and six)
am fa fukk i at	(he was) there ten years
am naa ñaar i fukki at	I have twenty years (I am 20 years old)
xanaa loolu fan-weeri at ?	is that (the total) thirty years ?

<u>ci</u>	can be used to indicate	<u>out of, of the</u>
ñaar ci fukk'i xale yi		two of the ten children
kan moo ci gen a göre ?		which (of them) was the most honorable ?

Words for second, third, fourth, etc. are formed by adding -eel to the cardinal number.

ñaareel	second
ñetteel	third
juroom beneel	sixth
fukkeel	tenth
fukkeel ak benna	eleventh
ñaar i fukkeel	twentieth

ci ñetteel i bēs                      on the third day

ñaareeli xaaj bi                      the second part

The word for first is generally indicated by the verb jëkka,  
to be the first, to do first.

waa ji jëkka ñow                      the first person to come

da ñuy jëkka lekka ?                      shall we eat first ?

To be the last is mujja,                      the last mujjent-eel.

#### Coinage

The unit of currency is the dalasi - derem in Wolof,  
divided into 100 bututs. Terms for the old currency - penny,  
sixpence, shilling, two shillings etc. changed their meaning.

tanka	formerly	6d.	12 bututs
taransu		1/-	25 "
tulalibar		2/-	50 "
genawalla		2/-	50 " (lit. half)
derem			1 dalasi.
nyeti taransu		3/-	75 bututs

butut	formerly meant	a halfpenny	(small one)
burey	" "	a penny	(big one )

EXCLAMATIONS, EMPHATIC WORDS AND PHRASES

A large number of exclamations are derived from Arabic.

alxamdulilla(y)	praise be to God
amiin	amen, so be it
astafurlaa	may God forgive us
barke Yalla	God's blessing
billaay	by God
bisimilaay	in the name of God
(in) sallaaw	very well
lailla	an exclamation of astonishment
laaylaaylala	" " " "
wallaay	by God
xalaas	a pity

Wolof phrases include:

Yalla tere	God forbid
------------	------------

---

acca	used to urge people on
cam	an exclamation of disgust
xai	an exclamation of surprise
ndeysaan	an exclamation of sympathy
kaar, kaar	an exclamation to avert misfortune
mas	sorry (when one has bumped into someone, or when they have hurt themselves in one's presence)
naam	reply when one's name is called

waay is used as a persuasive word

jox ma waay	give me, do
am waay !	here ! do take it !
xaar ma waay !	wait for me please
demal fale, waay !	go away, please

torop from French trop, very much, too much

tanga na torop	it is very hot
guru baax na torop	kola is very good
kontaan naa torop	I am very pleased

lool very much

neex na lool	it is very sweet
baay bi tiit lool	the father was very much afraid
dama sonna lool	I am completely exhausted
jafen na lool	it is very dear
neex na ma lool	it is very pleasing to me

kat may be used at the end of a sentence as an emphatic word

ndaw si ne ko "suma nijaay ñow na <u>kat</u> ."	the young woman said to him "My uncle (i.e. husband) has come back !"
Hasan kat goor la !	Hassan is a real man !

daal completely

fatte naa ko daal	I have completely forgotten it
-------------------	--------------------------------

mukk not at all

du déggal yaay am muk	he doesn't pay attention to his mother at all
-----------------------	---

Numerous verbs have specific intensifiers associated with them.  
(This feature is also found in Serer, Fula, and Mandinka.)

ñuul kukk	very black
xonxa coyy ) " cur )	very red
weex tall ) " furr )	very white
wow kony	very dry
fees dell	completely full (of container)
suur këll	completely full (after eating)
forox toll	very bitter, sour
jexx takk	completely finished
set wec	very clean
sedda guyy	very cold
lëndëm taruus	very dark
ñor xomm	very well cooked

Many words are used with the intensifier né

né patt	be silent
né cell	be silent
né taréët	to tear oneself
né bëret	to get up suddenly
né cëp	to get down, come down

PART II

WOLOF TEXTS

Wolof greetings	78-80
Comments on the weather	81
<u>Lakka</u> , Tongue-twisters	82
Lullabies	83
A Wolof legend - Kocce Barma	84-85
Praise names	86
Proverbs	87-89
Riddles	90
Conversations	91-100

For many proverbs I am indebted to Alhaji Hassan Njie.

The conversations were prepared by Linda Salmon.



### WOLOF GREETINGS

The exchange of greetings is an art and a social skill which is difficult to demonstrate easily in written form. Greetings differ according to the time of day, the place, whether within the family, on a major social occasion, or in a passing situation, and on the relative age and rank of the participants, as well as the length of time since they have seen one another. Forms that are acceptable between young people may seem insulting to an elder.

On entering a compound one says "Salaam aleekum," the Arabic for "Peace be on you," to which the reply is "Maleekum salaam," "On you be peace."

Going to a particular house one may say "Kong, kong," to indicate the formality of knocking on a door which is open. One will receive a reply : "Kan la ?" "Who is it ?" or "Aksil," [Approach], or "Dugal" [Come in]. One will then be offered a seat. "Doo tog ?" [Won't you sit down].

One greeting a person in the morning one says "Jamma nga am ?" [Are you at peace ?], and "Jamma nga fanaan ?" [Did you spend the in peace ?]. The plural form is "Jamma ngeen fanaan ?" The reply to these is "Jamma rekk" [Peace only], to which may be added "Alhamdulila", or "Alhamdulilayi". [Arabic for "Thanks be to God".]

The reply "Jamma rekk," is always given even if everything is not well. A person seriously ill will use the same words, and one has to judge the real situation from the tone of voice.

Surnames are often exchanged in greetings, so it is correct to ask both the name and surname of a person if one does not know them.

"Naka nga tudda ?"                      "What is your name ?"

"Naka nga santa ?"                      "What is your surname ?"

a    Juuf, jamma nga am ?    b    "Jamma rek, Njaay."

One can also ask where a person has come from, so that one can ask about the people there too.

a    "Fan nga joge ?"                      "Where have you come from ?"

b    "Banjul laa joge."                      "I have come from Banjul."

a    "Naka waa Banjul ?"                      "How are the people of Banjul ?"

b    "Nyunge fa rekk."                      "They are there only."

One asks after the people of the compound:

- a "Naka waa kër gi ?" "How are the people of the compound ?"  
 b " Nyunge fi/ fa." "They are here/there."

and after specific individuals or relatives:

- a "Ana Faatu ?" "Where is Faatu ?"  
"Naka Faatu ?" "How is Faatu ?"  
 b "Munge fi." "She is here."  
 a "Naka sa yaay ?" "How is your mother ?"  
 b "Munge fa." "She is there."

After about ten in the morning the general greeting becomes  
"Jamma nga endu ?" "Have you spent the day in peace ?"

Among young people certain phrases may well be translations from other languages "Naka nga def ?", shortened at times to "nanga def ?" may well come from English "How are you doing ?" The reply is generally "Mangi fi rekk." "Naka suba si ?" "How's the morning ?" is a close parallel to a Creole greeting.

On leaving one says: "Mange dem." [I am going], which brings the response "Yange dem ?" [You are going ?] or "Doo waxtaan ?" [Won't you stay and chat ?]

Greetings are sent through you to other people:

- "Nuuyul ma sa yaay." "Greet your mother for me."  
" " " waa ker." "Grëet the people of your compound for me."  
 the reply being:

- "Di na ko dëgga." "She will hear it."  
"Di nanyu ko degga." "They will hear it."

A final wish may be "Ci jamma", "In peace," the response being "Jamma ak jamma," or at night "Fanaanal ak jamm." "Spend the night in peace."

The exchange of greetings enables people to interact without dealing with specific matters, and one can find out a great deal about a person's mood and attitude in the process. The words are spoken in a rhythmical fashion which differs from straightforward conversational speech.

In greetings, the person who arrives initiates the greetings, the one who reaches a compound, enters a house, or joins a group. Secondly the person of lower rank greets the person of higher rank. Younger people pay their respects to elders, a woman to her husband, people of lower rank to those in superior positions, heads of households, religious teachers, village heads, chiefs, politicians, etc. A foreigner has to show that he/she speaks the language and is capable of normal social interaction.

Between people of about equal status a game may be played out as each tries to take the initiative, i.e. when the two meet walking down the street, and both may continue speaking at the same time.

When one's name is called one answers: "Naam." On hearing bad news the response is "Ndeysaan !" [What a pity, How sad]. "Thank you," used less frequently than the English or French forms, is "Jërējëf." "Maas" is an apology for bumping into a person, or an expression of sympathy when one sees someone have an accident such as tripping, or stubbing their toe.

To call a person the last vowel of the name may be lengthened or oo is added:

end

<u>Awa</u>	a	<u>Awaa</u> !
<u>Ami</u>	i/e	<u>Amee</u> !
<u>Faatu</u>	u	<u>Faatoo</u> !
<u>Asan</u>	-	<u>Asan-oo</u> !

COMMENTS ON THE WEATHER

naj bi tanga na tey

the sun was hot today

ngalaw na tey lool

lit. it blew today very much  
the wind was very strong today

defe naa ne nar na taw

I think that it is about to rain

bes bu nekka asamaan si  
dafa xiin

every day the sky is  
cloudy

LAKKA / KALLA

Wolof children have a secret language like "Pig Latin", in which syllables are transposed, or additional sounds added, to hide the meaning, so that one can talk about someone behind their back.

<u>ma ne</u>	I say	becomes	<u>ana me</u>
<u>David Gamble</u>		"	<u>evide ambulga</u>
<u>torop</u>	too much	"	<u>oropto</u>
<u>naka la ?</u>	how is it	"	<u>aka la nan</u>
<u>~naata la am ?</u>	how much has he ?	"	<u>ata la na</u>
<u>fatte nga ko ?</u>	did you forget it ?	"	<u>ate nge ko fat</u>

TONGUE-TWISTERS

Small children may be told tongue-twisters to say.

Often these are very difficult to transcribe !

A simple example is:

fukk i bukki guddi, fukk i bukki bëccëg

ten hyenas at night, ten hyenas in the day

# LULLABIES

One of the commonest lullabies, with infinite variations, begins with aayoo, neene tuuti, the child being asked what it is crying about. Then there developed a "chain rhyme", in which the last word of one line is used as the first word in the next line. Each family, and each singer, usually a small girl looking after the baby, have their own versions.

Aayoo, neene tuuti,  
neene, lu mo jooy ?  
xanaa reew la jooy,  
reew muutut a jooy,  
dunda muut a jooy,  
soo dunde am sa muur  
am sa muur i yaay,  
am sa muur i baay,  
Baay Moodu Lamin....

Yaay am dem na Saalum,  
Saalum nett i neeg la,  
ñanenteel ba di waan wa,  
waan wa, di waan i buur la  
buur bi di buur i Saalum,  
aayoo, neene.

Hush, little baby,  
baby, what is it crying about ?  
perhaps badness made it cry.  
badness is not worth crying about  
life is worth crying about,  
if you live you will have good fortune,  
your mother's good fortune  
your father's good fortune,  
Father Moodu Lamin....

His mother has gone to Saalum  
In Saalum there are three houses,  
the fourth is the kitchen,  
the kitchen is the king's kitchen,  
the king is the king of Saalum,  
hush, baby.

~  
Nun ne, dafa am-oon ñett i jubba.

ñett i jubba séké'ré la-woon ci moom.

nanguwu koon wax kenn,

lu mooy jabar am.

bale nge tudde, 'buur du mbokka',

bale, 'soppal sa jabar, te bul ko  
oolu,'

bale, 'mag baax na ci réew mi'

bi mu ko defe nak,

buur bi degga ko, di ko lajte,

di ko lajte, be oo jabar ji,

ne ko, dama bugga nga wax ma

jubb i Kocce yi, naka la tudda

jabar ji ne ko,

bii, 'buur du mbokka',

bii, 'soppal sa jabar, te bul ko

oolu'

bii, 'mag baax na ci réew mi'

noon, bur daldi dajale waa réew

mi yepp.

bi nu ñowe, mu oo Kocce, ne ko :

"Léegi xam naa sa jubba yi,

di naa la réy léegi nak,

They said he had three tufts(of hair).

The three tufts were secret to him,

he would not agree to tell anyone,

except for his wife.

that one was called 'a king is not a  
relative.'

that one 'love your wife, but do not  
trust her (with your secrets)'

that one, 'an old man is good in the  
country.'

Then, however,

The king heard about it, and asked

around, until he called the wife,

and said, I want you to tell me

the tufts of Kocce what are their names.

the wife told him,

this one, 'a king is not a relative',

this one, 'love your wife, but do not

trust her

this one, 'an old man is good in the  
country.'

So, the king at once assembled all

the people of the kingdom

When they came, he called Kocce and said:

"Now I know(the meaning of)his tufts,

and will kill you now (for being  
disrespectful),

mag i dëkka bi yepp ñow nañu  
 ñanal ko.

mu ne, waaw, dama bugga ngeen wax

buur, li ma wax ndax du dëgga ?

Ndig buur bi suma xarit la-woon,  
 te tey xam na suma sékérek,

ñow bugga ma réy.

suma jabar ji, so gisee ma wax

ko ko, du ma ko oolu-woon,

waay gis nga munge dem wax ko ko,

léégi ñow mag bi ñow na sukka

ñanal ma,

lu tax mu bayyi ma.

all the elders of the town came  
 to intercede for him.

He (Kocce) said, yes, I want to  
 tell you,

king, what I said, was it not the  
 truth ?

for the king had been my friend,  
 but today, as soon as he knows  
 my secrets,

he wants to kill me.

my wife, if you see I told her it,

I should not have trusted her,

but you see she went and told him it,

now the elder came and knelt down

to intercede for me,

that is why he let me go.

(In other versions there is a fourth tuft, doom u jitle du doom,  
 'a step son is not a (real) son.' Here, when Kocce is about to be  
 executed, the step son asks him to remove his gown so that it should  
 not be stained by blood, instead of intervening to try to save Kocce.  
 Some accounts tell how the king gave Kocce's wife presents to induce  
 her to betray him. )



### PRAISE NAMES

In praises, speeches by griots (gewël), certain attributes are added to surnames.

Sise and Ture are given the term Mori (learned men) or Manding Mori (learned men of Manding), an indication that early members of the clans were Muslims.

In Saalum Ngaari, the Fula name for 'bull', is used.

Sise Ngaari.

Njaay bears the attribute Gaynde (Lion) indicating the royal origins of the Njaays.

Job (Diop) is associated with the crowned crane (Jamba), and formerly, at any rate, children in Job families, left a small tuft of hair on the front of their heads, when the hair was cut, or shaved.

The Nduur are associated with Hyena, who is spoken of as having the surname Nduur, Bukki Nduur.








RIDDLES

From Upper Saalum.

Here a riddling session is started by saying xall mbalagaan, to which the reply is xaleet.

1. Q. li yotu Yalla te du ko jot?      What stretches out to reach God,  
but does not reach (him) ?  
  
A. kuut (kuur).      a pestle (which is raised up in the  
air in pounding, but brought down again  
with each stroke).
  
2. Q. a. lu fireku ne Maam Yalla      What has its hair loose, and says to God  
leta ma ?      'plait me' ?  
  
b. lu sériñ ne Yalla maabal ma ?      What learned man says: 'God, do my hair'?  
  
A. sibi      the rhun palm (which has a disorderly  
bunch of leaves at the top).
  
3. Q. corok condong ?      (no meaning = sound of something falling)  
  
A. pursa daanu ci teen.      a needle fell in the well.
  
4. Q. tagga ci kow, nen ci suuf      nest above, eggs in the ground  
  
A. ñambi      cassava (leaves and stem above ground,  
roots in the ground)
  
5. Q. siñ ci kow, siñ ci suuf      teeth above, teeth below  
  
A. kirintiñ      bamboo fencing. 
  
6. Q. suma ndey am na ñett i yef,      my mother has three things,  
su benna manke, ñaari du jel.      if one is missing, the two are of no use.  
  
A. os      the three stones which support a pot on  
the fire.
  
7. Q. suma fas i baay....      my father's horse  
te kenn ñemeul koy war.      but no one dares mount (ride) him.  
  
A. jiit      a scorpion.

(Most of these are found equally among the Mandinka.)

(A) AT THE MARKET

(Based on Linda Salmon's notes....but the prices have undoubtedly increased since she was there !)

Trader	Suma xarit, jamma nga am ?	My friend, are you at peace ?
Linda	Jamma rekk, kay.	Peace only, indeed.
Tr	Doo jenda tamaate ?	Won't you buy (some) tomatoes ?
L	Sa tamaate ji, ñaata la ?	Your tomatoes, how much are they ?
Tr	Am na ser taransu, am na tulalibar. Ban nga bugga ?	There is a heap for 25 bututs, there is (a heap ) for 50 bututs. Which do you want ?
L	Jaay ma ñaar i ser ci bii.	Sell me two of these here.
Tr.	Jerejǽf, kay ; ma buña la.	Thank you. Let me give you a 'dash'
L	Jerejǽf way . Endul ak jamma. Di naa la gisati.	Thank you. Spend the day in peace. I will see you again.
Tr	Jam' ak jama. Nuyul ma waa ker ga.	Peace, peace.. Greet the people of the compound for me.
L	Di nañ' ko degga.	They will hear it.
-----		
L	Borom jen, jama nga am ? Sa jen yi ñaata ?	Fish owner (i.e. seller), are you at peace ? How much are your fish ?
Tr	Ban nga bugga ?	Which do you want ?
L	Bii ñaata ?	How much is this one ?
Tr	Yepp ?	The whole (of it) ?
L	Deedeet, digga bi rekk.	No, just the middle .
Tr	Digga bi derem.	The middle one dollar.
L	Doo ko waññi ?	Won't you lessen it ?
Tr	Amul waññi.	There is no reduction.
L	Waññil ma way, suma cammeñ.	Lessen it for me please, my brother
Tr	Baax na, di na la waññil tanka. Feyal.	Well, I will lower the price by 12 bututs. Pay.

L	Dafa seer. Yi ñaata ?	It is dear. How much are these ?
Tr.	Yooyu tulalibar.	Those are 50 bututs.
L	Baax na, jay ma. Defal ma ko ci suma pañe bi	Good, sell it to me. Put it in my basket for me.
	Wecci ma.	Change (this money) for me.
Tr	Auma weccit.  Xaaral tuuti ma wecci ko.	I have no change,  wait a bit (until) I get some change for it.
L	Baax na.	O.K.
Tr.	Am sa weccit.	Here's your change.
L	Jerejëf.	Thank you .

-----

L	Borom maalo, jaay ma maalo.	Rice owner, sell me rice.
Tr	Ñaata pot nga bugga ?	How many cups do you want ?
L	Pot ñaata ?	How much a pot ?
Tr	Pot fuk i butuut ak benna.	11 bututs .
L	Natal ma juroom benn'i pot.	Measure me 6 cups.
Tr	Am nga foo ko def ?	Have you a place to put it ?
L	Waaw, def ko fii.	Yes, put it here.
Tr	Feyal.	Pay.
L	Jerejëf, endul ak jamma.	Thank you, spend the day in peace.
Tr	Jama'k jam	Peace.

- Tr. Suma jigéén, kay seet. Sister, come and look.  
 Suma jigéén, lō bugga ? Sister, what do you want ?
- L Buggu ma dara. I don't want anything.  
 Dama xool rekk. I am just looking.
- Tr Kay seet suma cuup yi. Come (and) look at my dyed cloths.
- L Bi ñaata ? How much is this ?
- Tr Ban ? Which ?
- L Bu bulo bi ci kow. The blue one up above.
- Tr Bii ? This one ?
- L Deedeet, beneen bi. No, the other one.
- Tr Bii ? This ?
- L Waaw, boobu. Yes, that one .
- Tr Malaan juroom i dërëm. The skirt (cloth) five dollars.
- L Indi ko ma gis. Bring it for me to see .
- Tr Satin la, piis bu baax la. It is satin, it is a good piece.  
 Musu Keba Darame \*moo ko suub. Musa Keba Darame was the one who dyed i
- L Xam naa Musukeba. I know Musukeba, (so)  
 Wannil ma lel. Lower the price please .
- Tr Ñaata nga bugga ? How much do you want ?
- L Des na ci njëk li. That depends on the price.  
 bi naa bugga ñenent i malaan If I want four skirts ,  
 doo ko wannee ? won't you lower (the price) ?
- Tr Baax na, ma wannil la O.K. I will lower it for you (by)  
 tulalibar. 50 bututs.
- L Tulalibar rekk ! Only 50 bututs.
- Tr Waaw, piis bi leegi dafa seer. Yes, cloth is dear now.\*

\* In advertisements etc. her name appears as Musu Kebba Drammeh.

\* \* Imported textiles were dyed by Musukeba.



- L Xam naa ko ! Betey, jaay ma. I know it. However, sell (it to) me.
- Tr. Naka nga tudda ? What is your name ?
- L. Fatu Njaay la tudda. My name is Fatu Njie
- Tr Foo dekka ? Where do you live ?
- L Serrakunda. Serrakunda.
- Tr Naka waa Serrakunda ? How are the people of Serrakunda ?
- L Nunga fa. Serrakunda neex na. They are there. Serrakunda is fine.
- Tr Mbaa Serrakunda bari-wul yoo. I hope Serrakunda is not full of mosquitoes.
- L Deedeet, tuuti rekk. No, only a few.  
Banjul la genn a bari yoo. Banjul has more mosquitoes.
- Tr Bugga nga bennen ? Do you want another ?
- L Refet nan', waay doy na. They are fine, but it is enough.  
Suma xalis jeex na. My money is finished.
- Tr Tubaab du jexal xalis. A European does not lack money.
- L Du tubaab yepp. Not all Europeans.
- Tr. Am sa piis bi. Feyal. Here is your cloth. Pay.
- L Yepp naata ? How much altogether.
- Tr Fukk i derem ak juroom netta. Eighteen dollars.
- L Am. Wecci ma. Here. Give me change.
- Tr Xaaral tuuti. Wait a moment.  
Am sa weccit. Here's your change.
- Dama bugga nga nekka suma I want you to become  
klient. Am. Ma bunya la jaaru. my client. Here. I give you a  
ring as a 'dash'.
- L. Jerejef, way, borom cuup. Thank you, cloth seller.
- Tr. Nuyul ma waa Serrakunda, Greet the people of Serrakunda for me.  
Bul fa gej ! Don't be long there.
- L Baax na. Ci jamma. O.K. In peace .
- Tr Jam' ak jama. Peace.

(C) A CONVERSATION BETWEEN TWO WOMEN.

- L. Lan nga togga añ tey ? What are you cooking for lunch today?
- F. Benacin i yappa. Benachin with meat.
- L. Di na am ranxa ? Will it have sorrel sauce ?
- F. Waaw, benacin ak ranxa neex na lool. Yes, benachin with sorrel is very sweet.
- L. Yow, bakku dafa damma ci sa loxo. A ladle gets broken in your hands. (i.e. you are a good cook.)
- F. Ma mel noonu. I am like that.
- 
- F. Lan nga def bes bu ay bi di now ? What are you doing next week ?
- L. Di na bugga leetu. I want to have my hair done.
- F. Kan ay sa lettakat ? Who is your hairdresser ?
- L. Kom Juuf, xam nga ko ? Kom Juuf, do you know her ?
- F. Xam naa ko. I know her.
- Ku mun a leeta la. She knows how to plait you.
- Lan nga leetu ? What sort of style are you going to have ?
- L. 'Jamano Kura' la di leetu. 'The time of Kura' is the plait I want.
- F. 'Jamano Kura' moo xew léégi. 'The time of Kura' is fashionable now.
- L. Naata la feyee ko ? How much does she charge for it ?
- F. Nenenti derem rekk; te du yagga. Four dollars only; and it does not take long.
- L. Dama bugga refet ndax anda ak suma jeker tukki. I want to look good, so that I can go on a journey with my husband.
- F. Fan ngeen di dem ? Where are you (pl.) going ?
- L. Dafa war a dem Dakar ngir soxla. He has to go to Dakar for business.

- Dama bugga mu yobbuwaale ma. I want him to take me with him.
- F. Sa wujja, moom it di na dem ? Your co-wife, will she also go ?
- L. Suma jeker, kenna rekk la yobbu, My husband, only one (person) will he take.
- Kenna dafa des ci xale yi. One will remain with the children.
- F. Soo demul, di naa la seet-si waxtaanal-si. If you do not go, I will come and see you, to chat with you.
- L. Loolu baax na. Jerejɛf. That is good. Thank you.
- Waaye fook naa di nañu dem. But I think we will be going.
- F. Mbaa doo leen yagga. I hope you won't be away long.
- L. Déédéét, du ñu yagga. No, we won't be long.
- Loo bugga ma indil la ko ? What do you want me to bring you ?
- F. Indil ma fuddan ak cuuraay. Bring me some henna and incense.
- L. Di naa ko indi, su neexee Yalla. I will bring it, if it pleases God.
- F. Ngeen dem ak jamma, fekka fa jamma, nyibsi ci jamma. Go in peace, meet peace there, come home in peace.
- L. Amiin yarabi. By God's power.
- Baax na, mange dem. Good, I am going.
- F. Ma gunge la. ( Let me show you out.  
( Let me escort you part of the way.
- L. Baax na. Fine !

(D) AN INVITATION TO EAT

- |     |  |   |
|-----|--|---|
| H.  | Now naa !  | I have come. (I'm here)   |
| L.  | Wacca nga liggééy ?  | Have you come from work ?   |
| H.  | Waaw, wacca naa léégi.<br>?  | I have come just now.   |
| L.  | Naka wa liggeey-kaay ?   | How are your co-workers ?   |
| H.  | Nunga fa.  | They are there.   |
| L.  | Lekka nga ?  | Have you eaten ?  |
| H.  | Waaw, lekk-oon naa ci bëccëg.  | Yes, I ate in the daytime.  |
| L.  | Xiffulo léégi ?  | Aren't you hungry now?  |
| (H. | Deedeet, tuuti rekk.   | No, only a little.)   |
| or  | Aha kan.   | Yes, indeed.  |
| L.  | Kaay lekka ak nun.   | Come (and) eat with us.   |
| H.  | Baax na.   | O.K.  |
| H.  | Loo togga ?  | What are you cooking ?  |
| L.  | Benacin i yappa ak ñebbe.  | Benacin with meat and beans.  |
| H.  | Loolu rekk la bugga.   | That's just what I want.  |
| L.  | Acca leen !  | Let us begin !  |
| H.  | Benacin bi neex na.<br>waaye, dafa saf kaani.<br>Kaani gu bari baaxut.<br>Doy na . | The benacin is good (lit. sweet).<br>but it is hot with peppers.<br>Too much pepper is not good.<br>It is enough. |
| L.  | Lekkal way !   | do eat !  |
| H.  | Jerejëf, suur naa .<br>Benacin bi neex na, bari na.                                | Thank you, I am full.<br>Thebenacin was good, and plentiful.  |
| L.  | Rees ak jamma, Doo nan ndox ?  | Digest in peace. Won't you drink (some) water?  |
| H.  | Aha kan.   | Yes, indeed.  |
| H.  | Jerejëf. Ndox mi sedda na.   | Thank you, the water is cold. **  |

\*\* A comment of appreciation.

(E) AT THE HAIRDRESSERS

- L. Jamma nga am, Mariyaama. Are you at peace, Mariama ?
- M. Jamma rekk, kay. Peace only.
- Ana wa kër gi ? How are the people of the compound ?
- L. Nunge fa, jamma rekk. They are there, peace only.
- Sa yaram jamm ? Is your body at peace ?
- M. Jamma rekk. Peace only.
- L. Dama leetu-si. I have come to be plaited.
- M. Waaye, gèj nga fi. But it's a long time since you were here.
- Mbaa du dara ? I hope ) nothing happened ?
- L. Du dara. Naka jot rekk. Nothing. I just failed to come.
- M. Lan nga bugga leetu tey ? What do you want to be plaited today ?
- L. Xamatu ma leeta yi sax, I don't even know the plaits,  
ngir dama gej a leetu for it's so long since I've been plaited.  
Seetal ma ci yi xew. Show me some in fashion.
- M. Gis nga leeti Amininata ya ? Did you see the plaits of Aminata ?
- Maa ko ko leeta. It was I who plaited it for her.
- L. Gis naa ko. Refet na lool. I have seen it. It is very beautiful.
- Yooyu sax-sax la bugga. Those are the very ones I want.
- Mbaa di na ma jappa ni mu Will they suit me like they suited
- jappe Aminata ? Aminata ?
- Naata nga leetee leeti How much did you charge for plaiting  
Aminata yi ? Aminata's plaits ?
- M. Yooyu leeti diniyanke la. <sup>1</sup> aristocratic )  
Those plaits are high fashion. )
- Soo ko buggee di naa la ko If you wish, I will make them
- defal juroom i dërëm. for five dollars.

1. Dr. Tijan Sallah states that *diniyanke* means "a privileged woman who lives an extravagant lifestyle." It may be derived from "Denianke" - a ruling matrilineal clan in Fuuta Toro, descended from Koli Tenguela.

- L. Baax na. Sa loxo jar na ko. Fine. Your hand is worth it.  
 Waaye bugga naa bu genn a refet But I want to be finer than  
 bu Aminata. Aminata.  
 Do nga ma beral loxa ? Will you accomodate me ?
- M. Baax na. Xaral ma <sup>~</sup>now. Fine. Wait (a moment) for me  
 to come.
- L. Foo bugga <sup>~</sup>nu toog ? Where do you want us to sit ?
- M. Kaay, ci ron garab gi. Come, under the tree.  
 Indil basang bi. Bring the mat.  
 Lal ko. Toogal. Spread it out. Sit down.
- L. Ndax munge metti ? Is it painful ?
- M. Tuuti rekk. Just a little.  
 Leeta yu dan moo refet, Plaits which are tight are beautiful  
 te moo di gen a yagga. and last longer.
- L. Jox ma seetu, ma seet. Give me a mirror so that I can see.
- M. Faatu, indil ma seetu bi. Fatu, bring me the mirror.  
 Gawal ! Hurry !  
 Xolal, ndax refet na. Look, isn't it fine ?
- L. Refet na lool. Jerejɛf. It is very beautiful. Thank you.
- M. Ayca, <sup>~</sup>nu jekkali. Well then, let's put the last touche  
 to it.
- L. Ndax léégi mu jeex ? Is it finished now ?
- M. Des na tuuti. In a moment.  
 Paré na. Jogal. It is finished. Get up.
- L. Sonna naa ci toogay bi, I am tired of sitting,  
 waaye léégi jeex na. but now it is finished.
- M. Jelal seetu bi nga seetat. Take the mirror and look again.

L            Amut morom !

There is nothing like it !

M. Bul fi gej-ati.

Don't be away so long again.

Bu leeta yi rapee, dafa na  
hare' firi,  
nga dellusi ma firil la ko,

If the plaits become worn,  
if they start to come undone,  
you should return, so that I can  
loosen them for you

defal la bi xew.

and make you something in fashion.

L. Baax na.

Good.

Di naa dellusi ci lu ban a  
yagga.

I will come back without being too long.

Am, ma fey la.

Here, let me pay you.

M. Da nga ma fey rekk ?

Are you just paying me (the price)

Du ma may dara ?

Won't you give me something (extra).

L                    Munal ma be bennen yoon.

Bear with me, until another time.

M. Baax na. Ci jamma.

Alright. In peace.

Nuyyul ma waa kër ga.

Greet the people of the compound  
for me.

Rap ak jamma.

May the braids(wear out)in peace.

L Jamm ak jamma, be bennen yoon.

Peace , until another time.

Taggal ma kër gi.

Say goodbye for me to yōur household.